



Seksyon yo

Apèsi

Nan dat 26 mas 2021, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen Dekrè Egzekitif 26.1 (Executive Order 26.1), ki bay enstriksyon pou ajans eta egzekitif ki bay sèvis piblik dirèk yo ofri sèvis asistans nan lang (tradiksyon ak entèpretasyon) pou moun ki gen Konpetans Limite nan Angle (Limited English Proficiency, LEP). EO 26.1 te amande Dekrè Egzekitif 26 Gouvènè a, ki te pibliye pou premye fwa nan mwa oktòb 2011.

Lè li te siyen Dekrè Egzekitif sa a, Gouvènè Cuomo te rekonèt gen plizyè milyon moun New York ki pa pale angle kòm lang prensipal yo e ki manke kapasite pou yo li, pale, ekri oswa konprann angle. Pou moun New York sa yo, estati yo kòm LEP se yon baryè ki gen posibilite anpeche yo jwenn pwogram ak sèvis gouvènman enpòtan.

Kisa Dekrè Egzekitif 26.1 la egzije?

- Chak ajans eta egzekitif ki bay sèvis piblik dirèk oblije ofri moun sèvis **entèpretasyon** nan lang prensipal yo nan sa ki gen pou wè ak sèvis oswa avantaj yo.
- Ajans sa yo gen obligasyon tou pou yo tradui dokiman esansyèl yo, sa gen ladan dokiman piblik tankou fòmilè, nan dis lang ki pa angle yo moun LEP yo pale plis nan Eta New York (baze sou dènye done resansman Etazini yo).
- Ajans yo gen obligasyon tou pou yo nonmen yon Kowòdonatè Aksè Lengwistik epi pou yo pibliye yon Plan Aksè Lengwistik (Language Access Plan).

Ki lang ki pa angle yo pale plis nan Eta New York?

Nan moman an, dis premye lang yo se:

- Panyòl
- Chinwa
- Ris
- Yidich
- Bengali
- Koreyen
- Kreyòl Ayisyen
- Italyen
- Arab
- Polonè

Menm si tout ajans eta ki kouvri yo gen obligasyon ofri sèvis tradiksyon pou dis lang sa yo, gen ajans ki gen dwa chwazi tou pou yo ajoute plis lang dapre bezwen popilasyon y ap sèvi an ak lòt egzijans federal.

Plan Aksè Lengwistik yo

Kisa yo rele Plan Aksè Lengwistik?

Yon Plan Aksè Lengwistik etabli mezi ajans la dwe pran pou garanti bonjan aksè a sèvis li yo. Sa gen ladan pami lòt bagay lis dokiman ki tradui yo ak lang ki disponib yo, kantite total manm pèsònèl la ki gen konpetans ak kapasite nan aksè lengwistik, plan fòmasyon, plan kontwòl ànyèl, ak estrateji sansibilizasyon. Ajans yo gen obligasyon pou yo mete Plan Aksè Lengwistik yo ajou regilyèman. Plan sa yo disponib sou sit entènèt ajans la.

Se konbyen moun New York ki pale yon lang ki pa angle lakay yo?

Gen plis pase 5.7 milyon moun ki rete nan New York ki pale yon lang ki pa angle. Pami yo, gen 2.5 milyon ki pa pale angle byen. Dapre Ankèt sou Kominote Ameriken (American Community Survey) 2015-2019 la, kantite moun LEP ki pale youn nan dis premye lang yo se:

1. Panyòl: 1,201,322
2. Chinwa: 379,745
3. Ris: 119,380
4. Yidich: 64,070
5. Bengali: 64,020
6. Koreyen: 55 506
7. Kreyòl Ayisyen: 54,746
8. Italyen: 46,431
9. Arab: 40,781
10. Polonè: 34,840

Kontak nan Ajans Eta yo

Ki ajans eta ki gen obligasyon ofri sèvis Aksè Lengwistik?

Chak nan ajans ki annapre yo ofri sèvis Aksè Lengwistik e gen yon Kowòdanatè Aksè Lengwistik k ap kontwole si ajans la respekte Dekrè sa a.

<https://www.ny.gov/language-access-policy#state-agency-contacts>

Familè Plent

E si yon moun pa resevwa asistans nan lang kòmsadwa oswa yo refize sèvi li?

Jan Gouvènè Cuomo di sa klè nan Dekrè Egzekitif la, Eta New York gen kòm politik pou ajans li kouvri yo ofri sèvis aksè lengwistik pou sèvis ak pwogram piblik yo. Si ou panse yo pa ba ou sèvis entèpretasyon kòmsadwa oswa si yo refize ba ou asistans tradiksyon kòmsadwa, tanpri ranpli fòmilè plent la nan ajans eta apwopriye a. Ou ka jwenn fòmilè sa yo nan men kontak yo nan ajans eta a ki nan lis ki pi wo a.

Si ou gen plis kesyon oswa ou bezwen plis enfòmasyon, tanpri voye yon imèl pou

LanguageAccess@exec.ny.gov.